

# Ou Gendwa Kapab Resevwa Sipò Katastwòf

**FEMA ak eta a, teritwa oswa gouvènman tribal la gendwa bay asistans finansyè katastwòf dirèk ak sitwayen Ameriken, natif-natal ki pa sitwayen ak etranje kalifye.**

Asistans katastwòf gendwa genyen ladann lajan pou asistans lokasyon tanporè, reparasyon kay, pèt pwopriyete pèsonèl ak lòt bezwen grav ki gen rapò ak dezaz oswa depans asirans pa kouvri oswa lòt mwayen.



Sitwayen – Yon moun ki fèt nan youn nan 50 eta yo, Distri Columbia, Pòtoriko, Zile Vyèj Ameriken, oswa Zile Mariana Nò; yon moun ki fèt andeyò Etazini ki genyen pou pi piti yon paran Ameriken oswa yon sitwayen natiralize.

Natif-Natal ki pa Sitwayen – Yon moun ki fèt nan posesyon andeyò Etazini (sa vle di Samoa Ameriken oswa Zile Swain) nan oswa apre dat Etazini te vin posede teritwa sa a, oswa yon moun ki gen paran li ki se natif-natal san li pa sitwayen Ameriken. Tout sitwayen Ameriken, se natif-natal Etazini, men se pa tout natif-natal Ameriken ki se sitwayen Ameriken.

Yon etranje ki kalifye genyen jeneralman ladann:

- Endividi ki se Rezidan Pèmanan Legal (moun ki gen "Kat Vèt")
- Azile, refijye, oswa etranje ke yo retire kondisyon depòtasyon yo
- Etranje ki nan libète kondisyonèl pandan omwen yon ane
- Etranje yo bay antre kondisyonèl (sou baz lwa ki efektif avan 1ye avril 1980)
- Moun k ap antre ki se Kiben/Ayisyen
- Genyen kèk etranje ki viktim gwo zak malveyans oswa ki te viktim trafik moun grav, n ap mansyone tou moun ki gen viza "T" oswa "U"

Si yon kandida pa ranpli kondisyon sitwayènte oswa imigrasyon nan moman aplikasyon an, fwaye a gendwa toujou aplike pou kèk fòm asistans IHP si:

- Yon lòt manm fwaye a, sa ki gen ladann yon timoun minè, reponn ak kritè kalifikasyon nan pwosis enskripsyon an
- Paran oswa gadyen yon timoun minè k ap viv nan menm fwaye a gendwa aplike pou asistans nan non timoun minè a ki se yon sitwayen Ameriken, yon natif-natal ki pa sitwayen, oswa yon etranje kalifye. Timoun minè a dwe genyen pi piti pase 18 ane nan dat premye jou peryòd ensidan an oswa deklarasyon dezaz la, kèlkeswa sa li ye anvan an

